**दिन—मंगलवार** **दिनांक—29.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा मे ऑपरेशन सिंदूर पर विशेष चर्चा आइ सेहो जारी अछि। केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह चर्चा मे भाग लैत कहलनि जे भारतीय सेना ऑपरेशनक दरमियान पहलगामक आतंकी हमला मे सम्मिलित आतंकवादी आ हुनका शरण देबऽवला के चुनि—चुनि कऽ नष्ट कऽ देलक। श्री शाह काल्हि जम्मू—कश्मीर मे ऑपरेशन महादेवक दरमियान भारतीय सेना, सीआरपीएफ आ जम्मू—कश्मीर पुलिसक पराक्रम कँ चर्चा करैत कहलनि जे कार्रवाई मे पहलगाम आतंकी हमला मे सम्मिलित तीन आतंकवादी सुलेमान शाह, जिवरान आ हमजा अफगानी के मारि खसौने छल। गृहमंत्री कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक दृढ संकल्पक संग पहलगाम मे निर्दोष पर्यटक लोकनिक हत्या करऽवला आतंकी नेटवर्क के विरूद्ध जबावी कार्रवाई कयल गेल आ ऑपरेशन सिंदूर के सफलतापूर्वक पूरा कयल गेल। ओतहि, लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी चर्चा मे भाग लैत कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर के दरमियान पूरा देश भारतीय सेनाक संग ठाढ छल। ओ पहलगाम मे भेल आतंकी हमला के निंदा करैत कहलनि जे भारत आतंकवाद के विरूद्ध अपन लड़ाई मजगूति सँ जारी राखत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एखन लोकसभा मे ऑपरेशन सिंदूर पर चर्चा के जबाव दऽ रहल छथि।

---

राज्य मंत्रिमंडल बिहार राज्य सफाई कर्मचारी आयोगक गठनक स्वीकृति दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ भेल मंत्रिमंडलक बैसार मे नगर विकास आ आवास विभाग के एहि प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे बिहार राज्य सफाई कर्मचारी आयोग विभिन्न क्षेत्र मे कार्यरत सफाई कर्मचारी लोकनिक कल्याण, आर्थिक आ सामाजिक विकास तथा आन मुद्दा सभ पर सरकार के सलाह देत। एहि आयोग मे एक अध्यक्ष, एक उपाध्यक्ष आ पाँच आन सदस्य हेताह। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे एक आन महत्त्वपूर्ण निर्णय के अंतर्गत मंत्रिमंडल सेवानिवृत पत्रकार लोकनिक लेल पेंशन राशि छओ हजार टाका सँ बढ़ा कऽ पन्द्रह हजार टाका प्रतिमास करबाक प्रस्ताव के सेहो मंजूर कऽ लेलक अछि। सूचना आ जन संपर्क विभाग

द्वारा संचालित बिहार पत्रकार सम्मान पेंशन योजना के अंतर्गत आब पत्रकार लोकनि के पन्द्रह हजार टाका मासिक पेंशन भेटत। हुनक मृत्यु भेला पर हुनक पति–पत्नी के योजनाक संशोधित प्रावधानक अंतर्गत दस हजार टाकाक मासिक पेंशन देल जायत।

————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ वैशाली मे नवनिर्मित बुद्ध सम्यक संग्रहालय आ स्मृति स्तूप के उद्घाटन कयलनि। उद्घाटन समारोह मे पन्द्रह देशक बौद्ध भिक्षुक सेहो सम्मिलित भेलाह। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा तथा जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे बहत्तरि एकड़ क्षेत्र मे पसरल एहि भव्य परिसर के निर्माण पर पाँच सय पचास करोड़ टाका के लागति आयल अछि। बुद्ध सम्यक दर्शन सह स्मृति स्तूप मे भगवान बुद्धक पावनि अस्थि कलश स्थापित कयल गेल अछि जे स्मारक के मुख्य केन्द्र बिन्दु अछि। भागवान बुद्ध के ई अस्थि अवशेष सभ सँ प्रमाणिक अछि। एकर उल्लेख चीनी यात्री ह्वेनसांग सेहो अपन किताब मे कयलनि अछि।

————————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक अति सक्रियता सँ आई जमूई, बांका, भागलपुर, मुंगेर सहित राज्यक दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम भारी वर्षा हेबाक आशंका अछि। एहि के लऽकऽ विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे पटना आ लऽग–पासक क्षेत्र मे तेज वर्षा दर्ज कयल गेल। जाही सँ राजधानी के कतेको इलाका मे भीषण जलजमाव के स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि।

————————————————————————

रेलवे समस्तीपुर जिलाक पूर्व मुख्यमंत्री जन नायक स्वर्गीय कर्पूरी ठाकुर के पैतृक गाम स्थित कर्पूरी ग्राम स्टेशन के सोनपुर मंडल सँ हटाकऽ समस्तीपुर मंडल मे सम्मिलित कऽ देलक अछि। रेलवे बोर्डक सचिव अरूणा नायर अधिसूचना जारी कऽ ई जनतब देलनि अछि। ओतहि, पूर्व–मध्य रेल के मुजफ्फरपुर–समस्तीपुर रेलखंड के सेहो सोनपुर मंडल सँ हटाकऽ समस्तीपुर मंडल मे स्थानांतरित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। ई परिवर्तन एक सितंबर सँ लागू होयत।

———————————————————————————

उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मुंगेर जिला अंतर्गत सीतापुर मेला पौराणिक आ धार्मिक महत्त्व के देखैत एकरा राज्य मेला के दर्जा देल जायत। ओ कहलनि जे एहि सँ संबंधित अधिसूचना प्रारूप गठित कयल गेल अछि।

———————————————————————————

पटनाक मनेर सँ राजद विधायक भाई वीरेन्द्र के विरूद्ध एससी–एसटी एक्ट के अंतर्गत मामिला दर्ज कयल गेल अछि। भाई वीरेन्द्र के विरूद्ध पंचायत सचिव संदीप कुमार के गारि–गलौज आ धमकी देबाक मामिला सँ जुड़ल ऑडियो वायरल भेलाक बाद ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिला भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व प्रखंड प्रमुख सुभाषचन्द्र यादव के काल्हि राति हुनक पैतृक गाम हसनपुर मराची उजागर मे निधन भऽ गेलनि। हुनक असामयिक निधन पर विभिन्न दलक नेता आ गणमान्य लोकनि शोक व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

पटना एम्स मे आइ पोर्टेबल मिनी, आईसीयू– भीष्म क्यूब पर वर्कशॉप के आयोजन कयल गेल। भीष्म क्यूब एक चलैत–फिरैत आईसीयू अछि जे अत्यंत छोट अछि जे युद्ध, आपदा अथव दुर्घटना जकां परिस्थिति मे विशेष कारगर अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।